

# 6 mas

**Vrèmanvre, lontan se fènwa nou te ye. Men, kou-nye a, se limyè nou ye nan Senyè a.** Efezyen 5. 8

**Men, fwi Lespri (Bondye) a se lanmou, lajwa, lapè, pasyans, bonte, byenveyans, lafwa, dousè, disiplin moral. Pa gen lwa ki kontrè a bagay sa yo.**

Galat 5. 22, 23

## **Anvan, apre**

“M te kwè, m te toujou gen rezon. Nan ogèy mwen, depi m te gen yon lide, m pa t janm chanje lide. M te wè sèlman pwòp enterè m, epi bagay sa nan karaktè m t ap rann relasyon m ak fanmi m ak kèk zanmi m vin pi mal. M te gen difikilte pou m padone frè m yo, epi m t ap tann anpil de pwochen m yo san m pa bay yo anyen an retou. De jou an jou mwen t ap vin pi sèl epi rayisman te anvayi lavi m. Paran m yo konn pale m de eksperyans yo depi yo te vin jwenn Jezi Kris. Mwen m te rejte rityèl ak koutim relijyon yo. Epoutan yon jou, m te aksepte ale legliz ak yo pou m te ka gen pwòp opinyon m. M te dekouvri sa m te wè yo pa t gen fondasyon. Moun sa yo mwen te wè yo te diferan nèt depi lè yo te rankontre Kris la. M te santi lanmou yo pou mwen ak pou lòt yo.

Lavi Kris la te revele peche m yo. M pa t ka sipòte sitiyasyon sa a devan li : m te yon pechè. Lè sa a, m te aksepte gras Bondye te ofri m nan pa sakrifis Pitit li an, Jezi Kris. Pliske Li te bay lavi Li grasa lanmou li te gen pou mwen, m kapab fè l konfyans pou lavni. M te vin tounen pi pasyan e pi trankil pou rès lavi m : lavi m va sa Bondye vle pou mwen. Li te transfòmè karaktè m ogèye e endepandan m nan”.

*Fabrice C.*

Krisyanis la pa yon relijyon men se aksepte lanmou Bondye ak dezi pou viv pou Kris la “ki te renmen m e bay tèt li pou mwen” (Galat 2. 20).

# 6 mars

**Vous étiez autrefois ténèbres, mais maintenant vous êtes lumière dans le Seigneur.** Éphésiens 5. 8

**Le fruit de l'Esprit (de Dieu) est l'amour, la joie, la paix, la patience, la bienveillance, la bonté, la fidélité, la douceur, la maîtrise de soi.** Galates 5. 22, 23

## **Avant, après**

“J’étais persuadé d’avoir toujours raison. Dans mon orgueil, une fois que j’avais adopté une idée, je ne changeais jamais d’avis. Je ne voyais que mon propre intérêt, et ce trait de caractère détériorait les relations avec ma famille et mes quelques amis. J’avais de la difficulté à pardonner à mes frères, et je demandais beaucoup à mes proches, sans rien leur donner en retour. J’étais de plus en plus seul et l’amertume envahissait ma vie. Mes parents me parlaient de ce qu’ils vivaient depuis leur rencontre avec Jésus Christ. Mais je rejetais les rites et les coutumes religieuses. Un jour pourtant, j’ai accepté de les suivre à l’église pour me faire ma propre opinion. J’ai découvert que mes a priori n’étaient pas fondés. Ces personnes que je voyais étaient radicalement différentes depuis qu’elles avaient rencontré le Christ. Je percevais leur amour pour moi et pour les autres.

La vie de Christ a révélé mes péchés. Je n’ai pas supporté ma situation devant lui : j’étais pécheur. Alors j’ai accepté la grâce que Dieu m’offrait par le sacrifice de son Fils, Jésus Christ. Puisqu’il a donné sa vie par amour pour moi, je peux lui faire confiance pour l’avenir. Je suis devenu plus patient et plus serein pour la suite de mon existence : elle sera ce que Dieu veut pour moi. Il a transformé mon caractère orgueilleux et indépendant.”

*Fabrice C.*

Le christianisme n’est pas une religion mais l’acceptation de l’amour de Dieu et le désir de vivre pour Christ “qui m’a aimé et qui s’est livré lui-même pour moi” (Galates 2. 20).